



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ HOGAN MANDE KONGRÈ A VOTE FON ESTABILIZASYON 500 MILYA DOLA A NAN PWOCHEN PAKE SOULAJMAN POU COVID LA**

"Sa fè plis pase kat mwa depi gouvènè yo te kòmanse dirije repons kont kowonaviris la an Amerik - nan egzekite pwogram tès ki mache yo ak nan ralanti pwopagasyon an atravè fèmti lekòl ak biznis ki sosyalman responsab men ki devastatè ekonomikman yo.

Pou pwoteje moun kont pandemi mondyal la, Eta yo fèmen plizyè branch nan ekonomi nou an. Konsekans ki vini kòm rezilta a se yon pèt plizyè milya dola ki katastwofik pou bidjè Eta yo. Ralantisman ekonomik lan pa kite okenn rejyon nan peyi a san li pa afekte yo epi li te touche tout aspè nan prestasyon bezwen enpòtan ak sèvis Eta a pou rezidan li yo. Pou sipòte Eta yo nan repons kont pandemi an, yo dwe ajoute yon fon estabilizasyon 500 milya dola pou Eta yo nan nenpòt pake soulajman pou COVID-19 ki soti nan Sena a.

Eta yo se kote ki plis afekte nan konba sa a. Nou bay sèvis enpòtan Ameriken yo depann de yo a gen ladan sekirite piblik, edikasyon, swen sante, asistans pou manje, èd ak transpò lokal. Nou anplwaye tou plis pase 20 milyon moun nan tout peyi a. epi sepandan, nan 3 trilyon dola pou èd la ki soti nan pake soulajman, yo pa te janm ajoute okenn sipò federal san restriksyon pou estabilize bidjè ak kont Eta yo pou pèt ekonomik Eta yo ap fè fas kòm yon rezilta dirèk nan konbat COVID-19.

Gouvènè yo, dapre lalwa, dwe balanse bidjè nou yo chak ane. Akòz gwo bèss nan aktivite ekonomik yo kòm rezilta fèmti ekonomik pou pandemi an ak rediksyon nan kòlèk taks ki koresponn yo, bidjè Eta yo an ranyon. Gouvènè yo deja fè rediksyon nan bidjè yo epi nou te redwi pewòl nou nan 1.5 milyon moun, men san aksyon Sena a, nou pral bezwen fè rediksyon ki pi red epi redwi pewòl yo menm plis ankò, nan moman prezizeman kote moun plis bezwen sèvis sa yo.

Pandan Eta yo ap re-ouvri, nou pa kapab mete an danje efò redrèsman ekonomik yo nan koupe pwogram yo ki peye pwofesè, ponpye, travayè swen sante ak travayè premyè liy nou yo. Pou pwoteje ekonomi nou an ak kenbe redrèsman an pou li avanse, Kongrè a dwe bay Eta yo 500 milya dola nan asistans san restriksyon epi ogmante Pousantaj Asistans Medikal Federal la nan 12%.

Nou bezwen pi gwo sipò Sena a kounye a, dekwa pou nou kapab konbat viris la ansanm epi rann redrèsman ekonomik lan yon reyalite".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)